

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Nagara Indonesia beunghar ku rupa-rupa kabudayaan, boh dina hasil karajinan boh dina kasenianana. Di unggal daerah di Nusantara, miboga kabudayaan anu béda-béda dijadikeun ciri has masing-masing. Dina jaman ayeuna loba budaya bangsa deungeun ogé anu mangaruhan para nonoman bangsa Indonesia. Éta hal ngajadikeun lobana kabudayaan nusantara téh kasilih ku kabudayaan bangsa deungeun. Tapi sanajan kitu, masih loba kénéh kabudayaan anu nyésa tur dimumulé ku masarakatna. Ku kituna geus jadi kawajiban sakumna masarakat Indonesia kaasup para nonoman anu masih maliré kana kabudayaan, ngamumulé sakabéh kabudayaan anu masih aya.

Kabudayaan nya éta pikiran, karya, jeung hasil karya manusa anu nyumponan hasratna ngeunaan kaéndahan (Koentjaraningrat, 1985: 1). Karya sastra mangrupa bagian dina kabudayaan, lantaran karya sastra mangrupa éksprési pikiran dina wangun basa. éksprési pikiran di dieu, maksudna nya éta sawangan, ideu, rasa, jeung kagiatan méntal manusa nu diéksprésikeun kana hiji wangun kaéndahan pikeun ngahontal tujuan bebeneran moral, anu eusina bisa méré kanikmatan jeung rasa éndah keur anu macana (Hernawati, 2007: 4).

Kahirupan sastra Sunda mimiti gelarna dina wangun lisan. Sabada aya kagiatan tinulis, loba karya sastra anu ditulis dina wangun naskah. Naskah mangrupa salasihiji wangun sastra tinulis nu kaasup ulikan filologi. Di Indonesia hususna di Tatar Sunda, saeutik pisan jalma anu ngabogaan karep pikeun nalungtik widang filologi. Padahal dina naskah mibanda informasi ngeunaan kahirupan masarakat dina mangsa éta naskah ditulis.

Naskah ditulis dina rupa-rupa bahan, aya nu dina kai saéh, daun lontar, kulit kai, hoé, daun nipah, daluang, kulit, pandan, daun kawung, jeung keretas. Sedengkeun aksara nu dipaké nya éta cacarakan, Arab Pégon, Latén, aksara Sunda buhun jeung jawa kuna.

Dumasar kana eusina, naskah diklasifikasikeun jadi sababaraha kelompok, kayaning kaagamaan, basa, hukum/adat istiadat, kamasarakatan, mitologi/sasakala, atikan, pangaweruh, paririmbong, sastra, sastra sajarah, jeung seni (Ekadjati, 1988 dina Situs UPI). Sakapeung eusi naskah téh teu sarupa. Upamana waé naskah sajarah, teu sagemblengna sajarah, tapi dicampur jeung sastra. Salasahiji naskah sastra anu sagemblengna sastra nya éta wawacan (Ruhaliyah, 2007: 14).

Dina kahirupan mangsa bihari, naskah teu leupas tina kahirupan masarakat Sunda anu dijadikeun tradisi kaagamaan atawa salaku papagon dina kahirupan sapopoé. Dina mangsa kiwari, éta naskah ngan sakur ditunda dijadikeun jimat atawa pusaka, dipusti-pusti sabab sipatna sakral.

Sabenerna di Tatar Sunda téh loba pisan naskah-naskah anu can kaguar, padahal éta téh mangrupa salasahiji karya sastra tradisional anu bakal mangaruhan kana kamajuan kabudayaan. Éta hal katitén yén naskah-naskah heubeul bisa méré sumbangan pikeun studi ngeunaan hiji bangsa atawa hiji kelompok sosial budaya anu ngalahirkeun éta naskah-naskah, lantaran dina dasarna éta naskah-naskah téh mangrupa dokumén anu eusina ngeunaan pikiran, rasa, jeung pangaweruh ti bangsa atawa kelompok sosial budaya éta (Ekadjati, 1988:1, dina situs UPI). Tapi dina kanyataanana karya sastra tradisional utamana naskah teu loba anu maliré, lantaran geus kasilih ku karya sastra modérn anu gampang dibaca jeung dipikahartina. Salasahiji nu ngabalukarkeun kurang dipaliréna naskah ku masarakat dina mangsa kiwari téh nya éta tulisan jeung basana anu geus teu pati kaharti.

Dina ieu panalungtikan, dipedar ngeunaan analisis naskah wawacan ditilik tina ajén agamana. Naskah wawacan anu digunakeun nya éta wawacan anu judulna *Hikayat Hasan Shoig Bashri*. Di jerona loba ngagambarkeun kahirupan kaagamaan dina jamanna. Agama nu aya dina ieu wawacan téh nya éta agama Islam. Saméméh ieu wawacan dianalisis, kudu dilakukeun heula prosés transliterasi lantaran ieu wawacan ditulis dina aksara Arab Pégon. Ieu hal dilakukeun sangkan téks gampang dianalisisna tur bisa dibaca ku nu séjén.

Ieu di handap aya sababaraha skripsi anu nalungtik ngeunaan ajén agama dina naskah, di antarana waé:

- 1) *Ajén religi yang terkandung dalam amanat Naskah Wawacan Sifat Dua Puluh Melalui Analisis Struktural dan Pengkajian Filologis* ku Erni Irmawati Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia taun 2003
- 2) *Ajén kaagamaan dina Wawacan Syéh Abdul Kodir Jaélani* ku Ai Saidah taun 2006
- 3) *Struktur jeung Ajén Agama dina Wawacan Bin Étam* ku Nenden Adilah taun 2006
- 4) *Karakteristik Palaku jeung Ajén Kaagamaan dina Wawacan Sajarah Lampahing Perwali Kabéh* ku Erna Hernawati taun 2007

Skripsi-skripsi di luhur nalungtik wawacan ditilik tina ajén agama jeung strukturalna wungkul. Can aya panalungtikan wawacan nu nganalisis ajén agama tuluy diasupkeun kana bahan ajar. Lian ti éta, wawacan anu rék ditalungtik téh can pernah aya nu nalungtik. Ku kituna ieu wawacan alus pikeun ditalungtik jeung perlu diasupkeun kana bahan ajar.

Sastra Sunda jadi salasihiji bahan ajar di sakola (SD, SMP, SMA), anu pangajaranana diatur dina kurikulum nu ditetepkeun ku pemerintah dina GBPP pangajaran sastra Sunda di sakola. Dumasar kana SKKD, maca wawacan jadi salasihiji Kompetensi Dasar anu kudu diajarkeun di SMA kelas XII. Ku lantaran dina ieu wawacan téh eusina loba élmu pangaweruh anu bisa jadi conto atawa pieunteungeun pikeun nu macana, ku kituna perlu diasupkeun jadi bahan pangajaran di sakola. Jadi dina ieu panalungtikan dibéré judul: *AJÉN AGAMA DINA WAWACAN HIKAYAT HASAN SHOIG BASHRI PIKEUN BAHAN AJAR MACA DI SMA KELAS XII.*

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan diwatesanan sangkan puguh pedaranana tur ambahanana teu lega teuing. Watesan masalah dina ieu panalungtikan nya éta ngaanalisis struktur intrinsik (ngawengku téma, palaku,

galur, latar, puseur sawangan, jeung gaya basa) jeung ajén agama dina wawacan. Ajén agama anu ditalungtik téh nya éta ajén agama Islam. Sacara umum, anu jadi dasar dina agama Islam nya éta aqidah, ahlak, jeung fiqih (Hernawati, 2007: 7). Ku kituna, dina ieu panalungtikan ngaanalisis ajén agama Islam sacara umum nya éta dina aspék aqidah, ahlak, jeung fiqihna.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Sangkan pedaran dina ieu panalungtikan jadi jelas tur ngéntép seureuh perlu ayana rumusan masalah. Rumusan masalah dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kumaha Transliterasi naskah Wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri*?
- 2) Kumaha deskripsi wangun Wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri*?
- 3) Kumaha struktur intrinsik anu ngawangun Wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri*?
- 4) Kumaha wujud ajén agama Islam dina Wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri*?
- 5) Naha Wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri* bisa dijadikeun bahan pangajaran maca atawa henteu?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung kasang tukang sarta rumusan masalahna, ieu panalungtikan miboga tujuan umum nya éta pikeun ngungkab ajén-ajén agama anu aya dina wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri*.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) hasil transliterasi wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri*;
- 2) wangun wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri*;
- 3) struktur anu ngawangun wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri*;
- 4) wujud ajén agama islam dina wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri*;
- 5) bahan pangajaran maca wawacan di SMA kelas XII.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun:

- a. nambahan pangaweruh ngeunaan wangun wawacan jeung bisa ngajéntrékeun tur ngajembaran pangaweruh ngeunaan analisis struktur jeung ajén kaagamaan dina naskah wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri*.
- b. ngabeungharkeun khasanah élmu sastra pikeun mahasiswa jurusan sastra jeung pamaca dina umumna sarta bisa ngeuyeuban bahan kajian filologi atawa widang séjénna anu aya hubunganana jeung filologi.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

- a. méré motivasi jeung kontribusi pikeun mahasiswa jurusan sastra, apresiator sastra, jeung masarakat umum dina ngaekspresikeun kasusastraan Sunda.
- b. bisa numuwuhkeun karep jeung karesep pikeun ngamumulé sastra heubeul tur mikanyaho kahirupan mangsa katukang.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh disusun jadi lima bab. Bab I ngawengku bubuka, nu medar kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Dina ieu bab, eusina ngeunaan konteks tina masalah anu ditalungtik;

Bab II dipedar kajian tiori, medar ngeunaan naskah wawacan, struktur wawacan, ajén agama islam, bahan pangajaran maca, jeung anggapan dasar. Dina ieu bab, eusina ngeunaan tatapakan tiori anu dipaké dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan;

Bab III ngawengku métode panalungtikan, medar ngeunaan sumber data, populasi jeung sampel panalungtikan, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data;

Bab IV dipedar data jeung pedaran hasil panalungtikan, medar ngeunaan déskripsi, struktur, jeung ajén agama anu nyampak dina wawacan *Hikayat Hasan Shoig Bashri*, sarta implikasina dina bahan pangajaran maca di SMA; jeung

Bab V dipedar ngeunaan kacindekan jeung saran. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun kamajuan panalungtikan kahareupna.

